

Ketamin se yon kalite dwòg ke yo konnen kòm yon "anestezi disosyatif." Li ka afekte sansasyon, gou ak vizyon. Yo sitou itilize ketamin kay veterinè sou fòm yon likid pou detann oswa andòmi bêt. Ketamin yo itilize deyò anviwonman medikal la vini anjeneral sou fòm yon poud ke moun renifle, men tou yo kapab enjekte l, manje l, oswa fouye l antre atravè rektòm nan lè li dilye nan dlo.

Ki efè li genyen?

Anjeneral, ketamin kòmanse fè efè 5 a 15 minit apre yo fin pran l epi yo ka dire jiska dezèdtan:

- Lè dòz la fèb, sa ka fè yon moun santi l ap flote.
- Lè dòz la pi wo, moun nan ka pèdi kontwòl kò li oswa li ka gen enpresyon l ap flote andeyò kò li (ke yo konnen sou non "k-hole"). Gen kèk moun ki apresye eksperyans sa a, men li ka fè w pè si li rive sanzatann.

Sèten nan efè yo ka endike yon ovèdoz ketamin, sa gen ladan vètij, kè ki bat pi rapid oswa palpitasyon (kè k ap bat vit oswa ou gen enpresyon l ap sote batman), konfizyon, anksyete, alisinasyon, mouvman zye ki pa nòmal, ak tansyon wo.

Si w panse yon moun gen yon ijans medikal, rele **911**.

Ki risk li genyen sou sante?

Akoutèm:

- Ketamin ka lakoz vètij, kè plen, maltèt, vizyon twoub ak anvi dòmi, ansam ak tansyon ak batman kè ki ogmante.
- Ketamin, lè li konbine avèk opiyoyid, alkòl, gama idwoksibitirat (Gamma Hydroxybutyrate, GHB), benzodyazepin, oswa lòt depresè (sibstans ki ralanti sistèm nève santral la), ka lakoz vomisman, vètij, pèt memwa, ak pèt konesans (endispoze).
- Lè yo nan yon k-hole, sa ka lakoz yon moun pa ka bouje kò li oswa lakoz li tonbe si li kanpe, sa ka rann yo pi vilnerab kont atak si yo rete poukont yo oswa si yo rete yon kote ki pa an sekirite.



Alontèm:

- Ketamin ka lakoz depandans fizik (ou bezwen kontinye pran ketamin pou santi efè li yo), pèt memwa, sotdimè, rediksyon nan fonksyon sèvo a, ak pwoblèm nan blad pipi (pa egzanp, enkontinans, san nan pipi, oswa doulè). Efè sa yo ka pèmanan.
- Efè ketamin yo ka varye de yon moun a yon lòt epi yo depann de kantite moun nan pran, pandan konbyen tan ak kantite fwa li pran l.




Ketamin: Diminye Risk ki Genyen pou Li Domaje Sante W



Kijan mwen ka diminye risk ki genyen pou li domaje sante m?

Si w planifie pou w pran ketamin ki soti nan sous ki pa medikal:

- Pote ketamin ou an (konprime oswa poud) nan youn nan lokal verifikasyon dwòg Depatman Sante Vil New York yo pou yo verifye si li pa gen engredyan ki danjere ladan oswa lòt dwòg ou pa planifie pou pran (tankou fentanil).
 - Byenke sa pa fèt souvan, yo jwenn fentanil nan dwòg ki vann kòm ketamin.
 - Pou plis enfòmasyon sou verifikasyon dwòg, ansam ak ki kote ak ki lè ou ka fè teste dwòg, vizite **nyc.gov/alcoholanddrugs** oswa voye yon imèl bay **drugchecking@health.nyc.gov**.
- Ale dousman. Itilize ti kantite pou teste konsantrasyon ketamin ou.
- Evite pran dwòg lè ou poukонт ou epi lè yon moun fin pran bay lòt moun nan pran.
 - Si w pral pran dwòg poukонт ou, di yon moun ou fè konfyans sa pou yo ka tcheke sou ou, oswa rele liy asistans Never Use Alone (Pa janm Pran Dwòg Poukонт ou) nan 877-696-1996 anvan w pran dwòg la. Operatè parèy ou yo ka siveye si ou an sekirite nan telefòn nan, 24 sou 24/7 jou sou 7 - san jijman.
- Prepare ketamin ou sou yon sifas ki pwòp epi evite pataje ekipman (tankou chalimo, kiyè, sereng, ak zegwi) yo itilize pou prepare l, renifle l, oswa enjekte l.



– Lè ou renifle l sa ka lakoz dechiri andedan nen ou, sa ki ka ogmante risk pou enfeksyon.

– Kraze ketamin nan pou li pi fen ke posib lè ou sèvi avèk yon zouti ki pwòp (tankou yon kat labank oswa yon razwa plastik) epi soti nan yon twou nen ale nan lòt twou nen an pou minimize domaj nan nen ou.

Kijan pou mwen reyaji a yon ovèdoz ketamin?

Yon moun ki nan yon k-hole ka pa fè ovèdoz oswa li ka pa bezwen swen medikal. Sepandan, pou rezon sekirite, yo ta dwe siveye moun nan jiskaske efè yo ale, sizoka yo ta bezwen swen medikal.

Moun ki pran ketamin ka pran lòt dwòg tou, tankou opiyoyid. Toujou mache ak naloxone sou ou — yon medikaman ki ka anile efè yon ovèdoz opiyoyid — si ou ta rankontre yon moun ki fè yon ovèdoz opiyoyid.



Kontakte 988 pou w jwenn konsèy konfidansyèl nan ka kriz, sipò pou sante mantal ak adiksyon, ak referans pou swen, gratis. Rele oswa voye mesaj tèks nan 988 oswa chat nan **nyc.gov/988**. Sèvis mesaj tèks ak chat yo disponib nan lang Anglè ak Panyòl, epi konseye yo disponib pa telefòn 24 sou 24/7 jou sou 7 nan plis pase 200 lang.

Pou plis enfòmasyon, vizite **nyc.gov/alcoholanddrugs** oswa eskane kòd QR la.

